

**ROBERT W. RUNCIE**  
**Superintendent of Schools**

**The School Board of  
Broward County, Florida**

Dr. Rosalind Osgood, Chair  
Laurie Rich Levinson, Vice Chair

Lori Alhadef  
Patricia Good  
Debra Hixon  
Donna P. Korn  
Sarah Leonardi  
Ann Murray  
Nora Rupert

21 Janvye, 2021

Pou paran ak responsab,

Le Dimanch, 14 Fevriye, 2021, Lekòl Piblik Broward County va obsève yon Jounen Sévis e Amou (*Day of Service and Love*) nan okazyon komemorasyon trajedi ki te pase sa fè twazan deja, nan lekòl Marjory Stoneman Douglas High School le 14 Fevriye, 2018, 17 elèv ak estaf te pédi lavi yo epi gen moun ki te blese oswa sibi donmaj.

Apati 8 Fevriye rive 12 Fevriye, nan tout lekòl atravè Distri a volontè va patisipe nan aktivite ak pwojé sévis kominotè epitou elèv-yo va kontribye nan kominote pa-yo yon fason pozitif. Le Vandredi, 12 Fevriye, a 10:17 a.m. tapan, Distri a va obsève yon moman refleksyon ak yon moman priyé pou tout moun ki te pédi lavi yo ak moun ki te blese. Le Dimanch, 14 Fevriye, Distri a, patnè li, ak òganizasyon relije va reyini ansanm nan bi sipòte elèv ak fanmi yo diran vijil ak priyé, mès nan memwa viktim yo, ak evénman kominotè.

Devlope trè karaktè pozitif lè elèv-yo jenn osi enpòtan ke fòmasyon akademik yo resevwa. Nan okazyon komemorasyon trajedi a pandan tout semèn lan, elèv BCPS va gen pouvwa enfliyanse pozitivman lavi lezòt grasa aktivite sévis kominotè ki òganize alafwa pou elèv k'ap resevwa enstriksyon andedan lekòl ak lakay. Nou vle elèv-yo fyè de tét-yo, konnen yo se kontribyan enpòtan nan kominote nou epitou nou mande elèv ak fanmi yo enfliyanse pozitivman lavi lezòt.

Gid sa enkli yon apèsi de tout evénman ak pwojé sévis kominotè ki plannifye e ki pwograme pandan tout semèn *Day of Service and Love*. Mwen ta renmen di patnè kominote nou mèsi, pou sipò yo bay nan tout aktivite enpòtan sa-yo epi tout sa yo reprezante. Mwen vle esprime apresiyasyon mwen bay tout fanmi nou yo pou sipò-yo, pandan n ap kontinye geri epi rekiperé.

Senséman,



Robert W. Runcie  
Superintendent of Schools